

Uburenganzira bwanje nk'uwitabiriye WIC:

- Amabwirizwa yo kuja muri WIC arasa ku bantu bose hadashingiwe ku kabira, ibara ry'urukoba, igihugu umuntu aturukamwo, imyaka, ubumuga umuntu agendana canke igitsina.
- Intumbero ya WIC ni ugutanga amakuru yerekeye kugaburira, kwonsa hamwe n'ibifungurwa bidatera ingwara hamwe no kumpuza n'ibindi bikorwa ivyo arivyo vyose bijanye n'amagara y'abantu canke ikibano nshobora kuba nkeneye. Ndatewe intege zo kwitabira muri ibi bikorwa.
- Abakozi bajewe amagara y'abantu ba WIC bazokorana nanje mu gutegura amahangiro ku bijanye n'ingaburo kugira bashigikire amagara meza.
- Mu gihe ngiye kwimukira mu yindi reta, nzomenyeshya WIC kandi bazompa impapuro zo kundungika ahandi nzojana kugira ibikorwa nkorerwa na WIC bizobandanirize aho ngiye.
- Ndashobora gusaba kunvirizwa mu gihe umukozi wa WIC ambwiye ko ntashobora kuja muri WIC hanyuma sindavyemere. Ndafise imisi 60 uhereye igihe nakiriyeko ikete ku bijanye no kwemererwa kwanje yo kwandika canke kwakura ibiro vya WIC hanyuma nkayisaba.

Ivyo ntegerezwa nk'uwitabiriye WIC:

- Kwitabira mu mugambi urenze umwe wa WIC (muri reta canke hanze ya reta) ntiyemewe kandi bizotuma nkurwa muri uyo mugambi.
- Nzokwemera isuzuma ry'amagara rya WIC ku bantu bose basavye kwemererwa WIC bo mu muryango wanjye. Mw'isuzuma ry'amagara rya WIC harimwo kwishura ibibazo bijanye n'amagara hamwe n'ibifungurwa, gupima uburebure, ibiro hamwe no gupima amaraso kugira basuzume ingwara yo kubura amaraso. Ibi bifasha WIC gutanga uturusho twa nkenerwa tubereye umuryango wanjye.
- Nzokwitabira amasango yanje canke nakure ndabimenyeshya mu gihe ntashoboye kwitabira isango ryanje.
- Nzomenyeshya WIC impinduka iyo ariyo yose ishobora gushika nk'amakuru yerekeye aho bondonderera, guhindura izina hamwe no guhindura umurezi w'abana njejwe baronswa ibikorwa vya WIC.
- Nzokorana n'abakozi ba WIC, umukozi ajejwe imangazini, hamwe n'inyubakwa mu bugwaneza hamwe n'icubahiro. Ndatahura ko jewe, canke abo tubana, bashobora gutakaza uturusho tw'ibifungurwa twa WIC bitewe no gutuka, gukubagura, gutera ubwoba canke gukomeretsa ku mubiri umukozi wa WIC, uwundi muntu ari muri WIC canke umukozi ajejwe imangazini y'ibifungurwa.
- Nzogura gusa ibifungurwa vyemejwe vyavuzwe ku rutonde rwanje rw'uturusho tw'ibifungurwa rwa WIC nkoresha ikarata nahawe ya eWIC.
- Nzokoresha ibifungurwa vya WIC gusa ku muntu (abantu) bari mu mugambi. Ndatahura ko utu turusho tw'ibifungurwa twa WIC dutangwa mu guteza imbere no gushigikira ubuzima bwiza biciye mu bifungurwa kuri uwo muntu hamwe no mu gufasha kwubahiriza ibisabwa mu bijanye n'ingaburo canke ibifungurwa vya nkenerwa.
- Sinzodandaza, sinzogurisha, sinzorungika canke ngo nvunjisha, canke ngo ngerageze kudandaza, kugurisha, kurungika canke kuvunjisha, ibifungurwa ivyo arivyo vyose/ amata y'abana canke uturusho nahawe. Sinzokwemerera uwundi muntu uwo ariwe wese kudandaza, kugurisha, kurungika canke kuvunjisha, canke kubitanga ngo bidandazwe, bigurishwe, kubirungika, canke kuvunjisha, ibifungurwa ivyo arivyo vyose/ amata y'abana canke uturusho nahawe.
- Nzobika iresi zo mumangazini zose mu gihe c'amezi atatu ku bifungurwa canke amata

y'abana naguze ntakoresheje amafaranga ya WIC zisa nizatanzwe na WIC mu gihe nshaka kugurisha, kudandaza canke gutanga ibi bifungurwa. Ibi ni ukugira nshobore kwerekana ko bitaguzwe mu mafaranga ya WIC.

Nk'uwitabiriye WIC ndatahura ko:

- Ntegerezwa kwongera kwandika nsaba kwemererwa mu mugambi igihe nemerewe giheze hamwe no kwongera gusuzumwa.
- WIC ntitanga ibifungurwa vyose canke amata y'abana akenewe mu kwezi kubera ko WIC ni umugambi wo kwunganira.
- Mu gihe ata ngorane z'uturusho tw'ibifungurwa nfise mu mezi ane akurikirana, ico gihe nzokurwa mu mugambi.
- Igisata Department of Health and Human Services (HHS) kirashobora gutanga uruhusha rwo gusangiza amakuru yanje ya WIC imigambi ijejwe amagara y'abantu n'indero. Iyi migambi irashobora gukoresha aya makuru mu kwerekana ukwemererwa kwanje mu migambi yabo; kumpa amakuru yerekeye iyo migambi hamwe no kworosha igikorwa co gusaba kwemererwa; mu guteza imbere amagara yanje, indero canke ubuzima bwiza mu gihe nsanzwe nariyandikishije mu migambi yabo; hamwe no mu kwizera neza ko ivya nkenerwa ku magara yanje vyashitsweko. Aya makuru azokoresha n'amashirahamwe ya WIC hamwe n'amashirahamwe ya reta mu gushira mu ngiro imigambi yabo ifasha mu kumenya abantu bemerewe mu mugambi wa WIC. Ndatahura ko HHS nayo ishobora gutanga uruhusha rwo gusangiza amakuru yanje ya WIC nkuko bisabwa canke vyemewe n'amategeko ya reta zunze ubumwe canke aya reta. Ndashobora gusaba urutonde rw'imigambi ya HHS amakuru ya WIC yanje ashobora gusangizwa nk'uko tubisanga muri poritike ya WIC " Ibanga ry'amakuru y'uwitabiriye".

Naragiriwe inama ku vyerekeye uburenganzira bwanje hamwe nivyongereye muri uyu mugambi. Ndemeza ko amakuru natanze kugira nemererwe ari ay'ukuri, uko ndayazi. Iyi fishe yo kwemeza itangwa iri kumwe n'iresi y'infashanyo ya reta zunze ubumwe. Abakozi b'umugambi barashobora kugenzura amakuru ari kuri iyi fishe. Ndatahura ko gukora inyandiko itariyo ku bushake canke iyovya canke guserukira mu buryo butari bwo ku bushake, guhisha, canke kwanka gutanga amakuru bishobora gutuma ndiha ishishirahamwe rya reta, mu mafaranga, agaciro k'uturusho tw'ibifungurwa nahawe ntibikwiye kandi ko bashobora kunshengeza muri sentare isanzwe canke sentare mpanavyaha hisunzwe itegeko rya reta hamwe n'irya reta zunze ubumwe.

Izina ry'uwitabiriye WIC yemeje uno musu: _____

Igikumu c'uwitabiriye/ umuvyeyi/umurezi _____ igenekerezo rya: _____

Hisunzwe itegeko rya reta zunze ubumwe hamwe na U.S. Department of Agriculture (USDA) amategeko agenga uburenganzira hamwe nama poritike iki kigo kirabujijwe ivangura rishingiye ku kabira, ibara ry'urukoba, igihugu umuntu aturukamwo, igitsina (harimwo igitsina umuntu yemera ko ari hamwe n'igitsina umuntu akunda), ubumuga umuntu agendana, imyaka, canke kugirira nabi canke kwihora ku gikorwa cabaye mbere kijanye n'agateka ka zina muntu.

Amakuru yerekeye umugambi arashobora kuboneka mu zindi ndimi atari icongereza. Abantu bagendana ubumuga bakenera ibikoresho bibafasha mu guhanahana amakuru mu mugambi (akarorero.Ubuhinga bwo gusoma no kwandika bugenewe abagendana ubumuga bwo kutabona, ubuhinga bwa large print, ubuhinga bwa audiotape, ubuhinga bwo kuyaga

Ntwarante

hakoreshejwe ibimenyetso) barasabwa kwakura umukozi wa reta canke ishirahamwe ribegereye ritanga uwo mugambi canke ibiro vya USDA TARGET kuri (202)720-2600 (ijwi hamwe na TTY) canke kwakura USDA babicishije ku biro vya reta zunze ubumwe bibegereye kuri (800)877-8339.

Mu gutanga ikirego c'ivangura mu mugambi, uwutanze ikirego ategerezwa kwuzuzwa ifishe AD-3027, USDA ifishe yo gutanga ikirego c'ivangura mu mugambi ukaba ushobora kuyironka kuri: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, ku biro ivyo arivyo vyose vya USDA, mu kwakura kuri (866)632-9992 canke mu kwandika ikete wandikira USDA. Iryo kete ritegerezwa kuba ririmwo izina ry'uwutanze ikirego, aho aba, inomeru ya terefone, hamwe n'insiguro mu buryo bwanditse kandi butomoye y'ico gikorwa gikekwako ari ivangura kugira amenyeshye icegera c'umunyamabanga ajejwe agateka ka zina muntu (ASCR). Ifishe yujujwe ya AD-3027 canke ikete bitegerezwa gutangwa kuri USDA biciye kuri:

- (1) Agasandugu k'amakete: U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410; canke
- (2) Fax: (833)256-1665 canke (202)690-7442; canke
- (3) Email: program.intake@usda.gov

Iki kigo gitanga amahirwe angana kuri bose.